

# FÈ FAS AK TWOUB ESPÈK OTISTIK YO

Yon gid konpreyansyon pou fanmi yo



The Autism Program



The Autism Program nan Boston Medical Center la pou sipòte ou, ou menm ansanm ak fanmi w pandan n ap fè fas ak Twoup Espèk Otisitik la (Autistic Spectrum Disorder, ASD).

Pou plis enfòmasyon sou sipò nou ofri a, n ap envite w ale sou **[www.bmc.org/autism](http://www.bmc.org/autism)**. Pou pasyan Boston Medical Center yo ki entèrese aprann konsènan inisyativ lopital nou an ki adapte pou moun ki soufri otis yo, ale vizite nou sou **[www.bmc.org/visiting-us/autism-friendly-initiative](http://www.bmc.org/visiting-us/autism-friendly-initiative)**



[autismprogram@bmc.org](mailto:autismprogram@bmc.org)



[www.bmc.org/autism](http://www.bmc.org/autism)



617.414.3842



# Tabdèmatyè

## 2 Konprann ASD

Jwenn Sous ki Presi  
Li Enpòtan pou Sonje  
Kesyon Moun Poze Souvan  
Premye Siy ASD yo  
Kritè Dyagnostik  
Pwosesis Dyagnostik la

## 10 Move Konsepsyon yo fas ak Enfòmasyon reyèl yo

Move Konsepsyon yo fas ak  
Enfòmasyon reyèl yo

## 13 Sèvis ak Terapi

Entèvansyon Annavans (Early Intervention, EI)  
Kategori Pwofesyonèl EI yo  
Edikasyon Espesyal  
Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP)  
Dekouvri IEP a  
Orè Edikasyon Espesyal  
Defans Edikasyon Espesyal  
Resous pou Adolesan ak Jèn Adilt  
Terapi pou Pasyan ki pa Entène

## 24 Resous Kominotè

Sipò pou Fanmi  
Sipò pou Frè ak Sè  
Avantaj Gouvènmantal

## 29 Pwomosyon Konpetans

Tabli yon Woutin  
Alimantasyon, Swen Kò, Sekirite,  
Dòmi  
Tranzisyon  
Ankouraje Konpòtman Ideyal la

### Gid sa itilize kòd QR!


Anndan tout gid sa a, lyen ak fòmilè nesesè yo pral disponib sou fòm kòd QR. Pou w kapab aksede ladan yo, ouvri aplikayson kamera nan telefòn entèlijan w lan, pwente l sou kòd la, epi ale sou lyen ki parèt la! Ou kapab klike tou sou kòd yo si w ap gade gid sa a sou yon òdinatè. \*Sonje gen kèk aparèy ki kapab mande w telechaje yon Lektè QR (gratis) nan magazen aplikasyon an.

# Jwenn Istwa ki Presi

Lè moman an rive pou w fè dyagnostik timoun ou an, ou kapab ap mande tèt ou ki kote pou w ale apre sa a. Menm lè gen anpil enfòmasyon ki disponib sou ASD sou entènèt la, nou ap di w fè atansyon pou w kapab **chwazi sous ou yo ak sajès**. Se pa tout sous ki ap bay enfòmasyon ki aplike ak sitiyasyon espesifik ou a, epi nan kèk ka, enfòmasyon an senpleman pa kòrèk.

Sa kapab pi bon pou w pale ak doktè timoun ou an oswa lòt fanmi ki nan menm sitiyasyon dyagnostik pou otis si tout fwa yo te **rekòmande sit entènèt oswa lekti**. Pi ba a, nou te fè yon seleksyon sit entènèt nou prefere yo pou n evalye enfòmasyon klè, ki kòrèk epi ki presi sou ASD ak resous ki lye yo.

"Konsèy mwen pou fanmi yo se pou n pa bay ni tèt nou ni timoun nan twòp pwoblèm. Menm lè lavi a baze sou akonplisman ak siksè, li senpleman mande pou w kontan epi gen lajwa."



Klike oswa Eskane  
ak Telefòn ou



BMC Autism  
Program (Pwogram  
Otis BMC)



CDC



Mayo  
Clinic



Akademi  
Pedyatri




Rechèch sou  
Otis

# Li Enpòtan pou Sonje



- Otis se yon **ESPÈK**, sa ki vle di sou de moun ki soufri li, toulede p ap prezante menm fòs, difikilte, preferans oswa bagay yo pa renmen.
- Menm lè se lakay timoun yo dyagnostike ASD souvan fwa, se yon kondisyon pou **TOUT LAVI**.
- Kèk moun kapab te sibi **ENPAK** yon dyagnostik nan kèk fason, menm si yo pa bezwen bon jan sipò.



- Otis se yo bagay ki differan, **LI PA PI MIYÒ PASE SA A**.
- Otis pa **PARÈT** yon fason espesifik sou figi moun, yo konn ba l pote non "dyagnostik envizib" paske yo pa kapab "wè l".
- "Tretman" pou otis se yon tretman edikatif/terapetik. Pa gen okenn entèvansyon **MEDIKAL** pou ASD, sètadi medikaman espesifik oswa tretman nan yon lopital.

# Kesyon Moun Poze Souvan

## Benefisyé yon dyagnostik pou otis pou timoun ou an kapab yon move eksperyans.

Ou kapab genyen divès kalite emosyon, konfizyon, pase nan enkredilite, pase nan tristès, laperèz oubyen soulajman tou. Li enpòtan pou w konnen **tout santiman sa yo se santiman ki nòmal**, epi pale yo ak moun ou fè konfyans kapab ede w jere fason w panse, jwenn repons ak kesyon w yo epi sa ap pèmèt ou detèmine pwochen etap yo. **Sonje ou pa poukont ou.**

Pi ba a, nou pataje kesyon fanmi yo poze pi souvan yo lè yo nan sitiyasyon kote gen yon nouvo dyagnostik.



### KESYON

Kisa ki lakòz otis lakay ptit mwen an?

### ENFÒMASYON REYÈL

Pa genyen **okenn rezon espesifik** ki lakòz Twoub Espèk Otis. Chèchè yo kontinye ap chèche prèv ki montre yon kombinezon faktè jenetik, anviwònmantal ak byologik. Sa ki enpòtan pou sonje se **otis pa yon konsekans sa yon paran fè oswa pa fè**. Genyen kèk sendwòm jenetik ki asosye ak ASD (pa egzanp, sendwòm Rett ak sendwòm Fragile X la) yo konnen rezon jenetik yo. Ou kapab chwazi suiv yon konseye jenetik pou jwenn plis enfòmasyon sou kòz jenetik potansyèl oswa lyen ak ASD yo.



Tès  
Jenetik

# Kesyon Moun Poze Souvan

## KESYON

Ki tretman ki gen pou otis? Èske gen yon medikaman pitit mwen an kapab pran?

## ENFÒMASYON REYÈL

Pa gen **okenn tretman medikal** pou otis, epi pa gen okenn medikaman ki ap trete tout sentòm esansyèl dyagnostik yo. "Tretman" pou otis la baze sou edikasyon ak terapi nan nati li, li konsantre sou ansèyman nan yon fason ki kreye espesifikman pou pitit ou a. Plizyè terapi ak sèvis sipò ap konsantre sou kreyasyon **kominikasyon fonksyonèl ak konpetans endependan**, òf sipò pou konpòtman, eksplorasyon bezwen sansoryèl yo ak pwomosyon konpetans sosyal.

Poutèt chak timoun gen nivo fòs pa yo epi difikilte yo varye, yo chak pral bezwen gen yon konbinezon diferan pwogram ak sèvis pou koresponn ak pwofil aprantisaj ak sosyal inik yo. Sèvis annavans ak entansif kapab pèmèt gen bon jan pwogresyon, men aprantisaj kapab epi ta dwe fèt pandan tout lavi. **Li enpòtan pou pale ak doktè k ap pran swen timoun ou a epi ansanm ak ekip eskolè a pou detèmine ki sèvis ak sipò ki ta dwe plis nan avantaj li.**



**Enfòmasyon  
Enpòtan sou Otis**

Li kapab itil pou konprann ki terapi ki baze sou prèv ak sa ki bezwen gen plis rechèch ki fèt sou yo oswa ki pa ko teste yo. Sit entènèt ki pi ba yo kapab itil ou pandan w ap dekouvri sijè sa yo:



**Fondasyon Syans  
sou Otis**



**Estanda  
Nasyonal**



**Syans pou  
Otis**

# Kesyon Moun Poze Souvan

## KESYON

Will my child  
Èske ptit mwen  
an ap toujou fè  
dyagnostik sa a?

## REPONS

Pa gen **okenn "gerizon"** pou otis, epi moun ki soufri otis yo kapab sibi enpak dyanostik la pandan tout lavi yo nan kèk fason oswa fòm. Byenke pa gen okenn boul kristal ki ka predi ak kisa **trajektwa devlopman** an pral sanble pou yon timoun espesifik, nou konnen moun ki soufri otis yo kapab ale nan inivèsite, devlope yon karyè, genyen yon fanmi, epi viv yon fason ki endepandan. Fason timoun ou an "parèt" la oswa fason li prezante nan moman yon nouvo dyagnostik gen posibilité pou l pa menm jan an poutèt l ap grandi, devlope epi vin genyen nouvo konpetans.



**Kijan pou m di pitit  
mwen an sa a?**

## KESYON

Mwen pa konnen  
si mwen vle pale  
sou dyagnostik  
timoun mwen an  
ak lòt moun. Sa  
ban m pwoblèm  
lè m panse ak  
kijan yo ka reyaji.  
Kisa mwen ta dwe  
fè?

## REPONS

Si w nan sitiyasyon sa a, sa depan de ou **pèsonèlman** pou w deside nan ki moman oswa nan ki fason ou chwazi pataje eksperyans dyagnostik timoun ou an ak yon moun. Nan kèk ka, pataje enfòmasyon sou dyagnostik otis timoun ou an pral pèmèt gen sèvis anplis ki mete sou pye (egzanp, pataje enfòmasyon an ak distri eskolè ptit ou ladan l lan oswa yo founisè sèvis eksteryè). Pataje enfòmasyon sou dyagnostik yo ak timoun ou an kapab itil pou eklere konpreyansyon li epi fè l konprann li se yon moun inik. Sa kapab ede timoun yo **defann tèt yo amezi y ap grandi**.

Li kapab bon anpil pou pale ak doktè k ap pran swen timoun ou yo ak lòt moun ou fè konfyans sou fason ou kapab abòde pataj enfòmasyon dyagnostik yo.



**Pataj Enfòmasyon  
sou Otis**

# Premye Siy ASD yo

**Twoub Espèk Otis la (Autism Spectrum Disorder, ASD)** se yon twoub devlòpman konplike ki kapab gen yon enpak sou entèraksyon sosyal, komunikasyon ak konpòtman. Menm lè sentòm otis yo kapab parèt diferan pou chak moun pèsonèlman, li se yon bagay yo souvan kategorize selon difikilte ki gen nan domèn **kominikasyon sosyal** epi **modèl konpòtman ki limite oswa repeète, enterè, ak/oswa aktivite.**

Kèk nan premye siy ASD, espesyalman lakay timoun piti, se:

## Kominikasyon Sosyal ak Konpetans Entèraksyon

- Mank enterè nan oswa difikilte pou jwe ak kanmarad
- Varyasyon nan konpetans kominikasyon vèbal (nan bouch) ak/oswa itilizasyon inik lang (egzanp Repetisyon)
- Difikilte pou konprann blag moun kapab fè sou yon sijè ki nserye oswa niyans ki gen nan konvèsasyon

## Konpòtman Limite oswa Repete

- Mank kontak vizyèl, san repons oswa repons limite lè moun rele yo, kapasite pou pwente ak dwèt oswa pou montre ak mank konpòtman pataj
- Jwe nan yon fason ki repeète (egzanp, woule kawotchou yon ti machin jwèt)
- Genyen difikilte pou fè tranzisyon sòti nan yon aktivite ale nan yon lòt

## Lòt Karakteristik


- Yon pèd konpetans yo te genyen anvan sa a
- Reyaksyon ki pa abityèl fas ak estimilasyon sansoryèl (egzanp, y ap evite manyen, y ap kouvri zòrèy yo nan kote ki gen anpil bwi, osw ayo parèt genyen yon tolerans ki wo fas ak doulè)

# Kritè Dyagnostik

Pou yo fè dyagnostik ASD sou ptit ou a, timoun ou an dwe reponn ak kritè dyagnostik **Manyèl**


**Dyagnostik ak Estatistik Twoub Mantal yo**  
**(Diagnostic and Statistical Manual of Mental Disorders oswa DSM-5)** ki se yon dokiman Asosyasyon Sikyatrik Ameriken an te pibliye nan lane 2013. Gen de (2) domèn yo konsidere:

1. Kominikasyon Sosyal
2. Enterè fiks ak konpòtman oswa aktivite ki repete



Dyagnostik ASD a genyen ladan l'yon **inite mezi pou konn nan ki nivo li grav** ki sòti nan nivo modere ale nan nivo grav ki gen objektif pou l mete w klè sou ki kantite sipò ak bezwen endividylèl ki nesesè pou pakouri aktibite konpòtmantal ak sosyal y ap gen nan tout lavi yo.

Li enpòtan pou konnen yon **evalyasyon nivo grav oswa modere dyagnostik la** baze sou yon ti kras moman pa rapò ak lavi timoun nan, men li pa endike ki kantite pwogrè timoun ou an pral fè amezi tan ap pase.



# Pwosesis Dyagnostik la

Se yon doktè ki pran fòmasyon espesyal nan devlòpman ak konpòtman timoun ki fè dyagnostik ASD (egaznp **Pedyat Konpòtman ak Devlòpman, Newològ, Sikològ, Enfimyè** elatriye). Se yon dyagnosti ki baze sou obsèvasyon ki vle di se pa ak yon tès medikal yo ka dyagnostike l tankou nan yon eskanè sèvo oswa tès san.



Yon **doktè** ki espesyalize nan evalyayson Twoub Espèk Otis pral fè yon entèvyou ak moun ki responsab swen timoun lan, pwofesè l yo ak terapet li yo konsènan konpòtman timoun nan.

01



Li pral fè yon evalyasyon **konpetans, fòs, ak difikilite** timoun ou a pandan y ap tandem tout sousi ou genyen konsènan devlòpman timoun ou a.

02



Gras ak pwosesis sa yo, li pral swa **fè dyagnostik oswa ekate posibilité pou** timoun nan fè ASD, epi pataje sousi yo kapab genyen anplis konsènan devlòpman pitit ou a. Li kapab rekòmande sèvis ak sipò ou ta dwe konsidere jwenn pou timoun ou a tou.

03

# Move Konsepsyon yo fas ak Enfòmasyon reyèl

## MOVE KONSEPSYON

Otis kapab geri

## ENFÒMASYON REYÈL

Otis se yon **kondisyon ki dire tout lavi**. Sèvis ak entèvansyon ki adapte yo, espesyalman nan laj timoun, kapab ede nan devlòpman konpetans ki enpòtan epi sa ka menm bay bon jan rezulta pou rann lavi moun ki gen twoub la endepandan nan nivo sa kapab la. Sepandan, AD se pa yon bagay yo kapab "geri".

## MOVE KONSEPSYON

Otis se yon twoub ti gason genyen sèlman

## ENFÒMASYON REYÈL

Menm lè otis parèt kat fwa pi plis lakay ti gason pase ti fi, **yo akpab fè dyagnostik ASD lakay ni ti fi ni ti gason**. Yon konpòtman yo konn rele "**maskaj**" konn parèt lakay ti fi yo, kote yo kapab kache oswa maske sentòm oswa konpòtman yo wè lòt moun konsidere ki se pwoblèm yo. "Maskaj" sentòm oswa karakteristik otistik yo kapab rann li pi difisil pou fè dyagnostik sou li, epi sa kapab lakòz yo vin fè dyagnostik sa pi ta nan lavi li.



# Move Konsepsyón yo fas ak Enfòmasyon reyèl yo

## MOVE KONSEPSYON

All individuals with autism either have a low IQ or "savant" like ability..

## MOVE KONSEPSYON

Moun ki gen otis yo pa renmen lè yo manyen yo.

## ENFÒMASYON REYÈL

Moun ki soufri otis yo gen yon **gran varyete kapasite aprantisaj, konpetans entelektyèl ak kosyan entelektyèl**. Pandan gen kèk ki demontre yo gen ansanm kapasite ki pi wo yo nan kèk domèn (sa yo konn rele "**konpetans savan**" **an**), gen anpil ki sèlman genyen pwen fò ak pwen fèb menm jan ak tout moun. Li enpòtan pou sonje andikap entèlektyèl yo pa menm bagay ak otis epi yo dwe evalye yo epi fè dyagnostik sou yo yon fason ki separe ak ASD.

## ENFÒMASYON REYÈL

Sèten **aktivite sansoryèl** kapab prezan lakay kèk moun, sepandan, yo youn pa aplike ak tout moun. Kote yon moun kapab pa renmen pou yo manyen l, gen yon lòt ki kapab ap chèche presyon ki pwofon sou fòm yon akolad oswa yon dra pou kouvri. Kote yon moun kapab santi li boulvèse ak gwo bri, gen yon lòt ki kapab kontan tande moun k ap bat tanbou. Sa kapab itil pou w chèche konnen bezwen sansoryèl espesifik timoun ou a, tankou sa l renmen ak sa l pa renmen yo.

*"Mwen vle li konnen mwen  
renmen l. Epi sa pa deranje pou l  
moun li ye a. Se yon bagay  
nòmal pou w diferan, osinon si li  
twouve bagay yo difisil. Ebyen,  
sa pa deranje. Sa pa deranje pou  
w moun ou ye a."*



# Move Konsepsyon yo fas ak Enfòmasyon reyèl yo

## MOVE KONSEPSYON

Moun ki soufri ASD yo pa santi emosyon ni tou yo p ap chèche konekte ak lòt moun.

## ENFÒMASYON REYÈL

**Sa pa kòrèk ditou.** Tout moun ki gen otisgen diferan fason yo panse, diferan santiman ak emosyon, menm si yo kominike sa yon fason ki inik. Sonje, sèlman paske yon moun pa di ak bouch li sa li santi antanke emosyon (malalèz, eksitasyon, konfizyon), sa pa vle di li pa santi emosyon an oswa kapab eksprime l nan lòt fason. Kominikasyon pa sèlman gen pou wè ak sa moun di ak bouch yo. Nou kominike ak **kò, jès epi ekspresyon nou yo.**

Anpil moun ki gen otis ap chèche zanmitay, lanmou, akonpayman ak koneksyon. Menm lè moun ki gen otis yo kapab benefisyé teknik entèraksyon sosyal yo anseye yo, sa pa vle di yo pa entèrese oswa pa kapab kreye koneksyon ak lòt moun. Patikilyèman, li kapab itil anpil pou jwenn fason ki inik pou konekte ak timoun ou an, tankou devlòpman **enterè li ak pwen fò li yo.**




# Entèvansyon Annavans (Early Intervention, EI)


## Entèvansyon Annavans (Early Intervention,

**EI**) se yon pwogram eta/federal gratis ki konsantre sou devlòpman timoun soti nan nesans rive nan laj twa lane ansanm ak fanmi yo. Nenpòt moun kapab refere yon timoun nan EI, e menm responsab swen yo akpab fè sa tou. Timoun yo kalifye pou sèvis EI yo selon **evalyayson, faktè risk, yon andikap ki dokimante, ak jijman klinik.**

Sèvis yo disponib nan "**anviwònman natirèl**" la (tankou lakay, nan gadri, nan preskolè, epi/oswa nan espas kominotè yo).



# Kategori Pwofesyonèl EI yo



El pase kontra ansanm ak **Founisè Sèvis Espesyalite** (Specialty Service Providers, SSPs), tankou ajans ABA yo, pou mete sèvis disponib anplis pou moun yo dyagnostike ki gen ASD yo.

Kèk sant kapab genyen **Gwoup Paran, Gwoup Timoun Piti, ak Gwoup Paran-Timoun**.

**Resous pou jwenn SSPs nan Massachusetts** yo pi ba a:



Pwogram  
EI lokal yo



Family  
TIES

# Edikasyon Espesyal

Lwa eta ak federal yo rekòmande pou tout timoun ki nana laj pou ale lekòl yo (3 rive 22 lane) ki gen andikap yo genyen aksè a yon "edikasyon piblik ki gratis epi apwopriye", sa yo rele **FAPE oswa "Free and Appropriate Public Education"**.

Lwa sa yo se:

- **Individuals with Disabilities Education Act (Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo) oswa IDEA**
- **Seksyon 504 nan Rehabilitation Act la (Lwa sou Reyabilitasyon an)**



**Lekòl Piblik yo**




**Gid Edikasyon Espesyal**

Timoun ki kalifye pou sèvis edikasyon espesyal yo kapab antre lekòl nan 3yèm anivèsè yo nenpòt lè nan ane kalandriye a epi yo pa bezwen rete tann jiskaske ane lekòl la kòmanse nan sezon otòn nan.

## Rapèl sou Defans:

Toujou konsève jounal ak kopi tout komunikasyon ak korespondans ou fè ak lekòl la.



# Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP)

Lè yon timoun rive nan laj 2 lane edmi (2.5), El pral asiste fanmi yo nan tranzisyon pou ale nan distri eskolè lokal la pou sèvis edikasyon espesyal yo gras ak yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (**Individualized Education Program, IEP**).

Lwa sa yo rekòmande tou pou elèv yo benefisyé yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen inik yo nan "**anviwonnan ki gen mwens limit**" (**least restrictive environment, LRE**) lan epi yo pa refize okenn timoun sèvis lekòl poutèt andikap li.

Yo revize IEP yo chak ane gras ak evalyayson fòmèl yo fè chak twa lane. Li enpòtan pou konnen ou kapab reyinin ekip edikasyon espesyal la tout lè pou pale sou pwogresyon timoun ou an ak sousi ki genyen yo.

IEP yo dwe fè konnen tou si timoun nan ap oswa p ap benefisyé sèvis transpò pou ale epi kite lekòl la, ak **sèvis vakans ete pou ane lekòl pwolonje (extended school year, ESY)**.



# Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP)

**Sèvis IEP yo genyen ladna yo:** Terapi lapawòl ak langaj, terapi pwofesyonèl (nan kad travay), terapi fizik, ABA, konpetans sosyal ak plis toujou.

Klas espesyal (sètadi yon klas ki pou tout moun andikape an jeneral, ki espesyalman pou andikape, ki espesyalman pou moun ki gen otis oswa yon klas ki baze sou ABA), klas "entegre" oswa "enklizif", oswa klas "edikasyon jeneral" ak tout sipò.

"**Gri sèvis**" refere a youn nan dènye paj IEP a ki dekri sèvis egzak elèv lan pral benefisyé gras ak edikasyon espesyal. Chak sèvis nan gri sèvis la vini ansanm ak yon dat kòmansman ak yon dat fen, yon frekans/dire, epi yon deskripsyon sou kijan sèvis yo konekte ak objektif IEP yo.



"**Sèvis dirèk yo**" refere ak sipò/terapi ki disponib dirèkteman pou elèv la 1 a 1 oswa nan yon gwooup epi ki konsantre sou objektif IEP patikilye.



"**Sèvis endirèk**" refere ak sipò/sèvis yo bay antanke yon konsiltasyon a lòt pwofesyonèl k ap travay ansnam ak elèv la (tankou pwofesè elèv la) ki konsantre sou divès objektif patikilye IEP a.

"Antanke paran, OU se pi bon avoka pou timoun ou an. Legalman, ou gen dwa epi ou dwe enfòme sou tout sèvis ki disponib pou timoun ou an. Plis enplikasyon ak vwa ou gran, plis rezulta gran!"

# Dekouvri IEP a: Bagay Ki Enpòtan pou Sonje

Tout pwosesis IEP a, ansanm ak sèvis epi sipò timoun ou an pral resevwa gras ak IEP yo **gratis nèt**. Pa gen okenn frè oswa depans ou pral fè ki asosye ak sèvis edikasyon espesyal yo.

Ou genyen dwa pou w benefisyé sèvis yon **entèprèt**, epi tout reyinyon yo dwe fèt nan lang ou preferé a. Si w ap patisce nan yon reyinyon epi pa gen entèprèt ki la, ou genyen dwa pou mande pou reyinyon an anile epi repwograme.

IEP timoun ou an dwe tradui nan **lang ou preferé a**. Ou pa oblige siyen IEP a jiskaske w gen chans pou w li l nan lang ou preferé a.

Si distri eskolè ou a ba w nenpòt dokiman alekri, tankou IEP a, ou dwe konnen **ou genyen dwa pou w li epi konprann dokiman yo anvan w siyen**.

Ou gen otorizasyon pou w vin ak nenpòt moun ou vle nan yon **reyinyon IEP**, tankou manm fanmi, travayè sosyal, terapet oswa avoka (defansè). Sepandan, si w ap planifye vini ak yon avoka nan reyinyon IEP ou a, ou dwe fè ekip eskolè a konnen sa annavans.

Kèk fanmi chwazi pou mande sipò yon **defansè (avoka) oswa konsiltan edikatif** pou ede epi sipòte yo nan pwosesis IEP a, oswa lè y ap fè demann yon chanjman oswa ogmantasyon sèvis yo.

# Orè Edikasyon Espesyal

Enskri timoun ou ki gen pou pi piti 3 lane a nan lekòl piblik. **Sa ka rive yo dej a genyen yon IEP.**



Voye lèt bay Lekòl lan **OSWA** Depatman Edikasyon Espesyal pou mande yon **Evalyasyon Ekip** akoz enkyetid ou yo oswa dyagnostik timoun ou an.



Apre yo resevwa lèt lan, distri eskolè an gen yon dire tan 5 jou lekòl pou l voye ba ou yon **Fòmilè Konsantman pou Evalyasyon**, ki genyen ladan li yon lis tout evalyasyon ki gen pou fèt yo Verifye si tout evalyasyon ki nesesè yo ladan l. **SIYEN** epi **TOUNEN** l rapid vit pou evalyasyon an kòmanse. Kèk nan domèn tès ki pi komen yo se: **Terapi Konpòtmantal, Dyalòg, Ègoterapi, Terapi Fizik, Sikolojik ak ABA**. Tout tès yo kapab fèt nan yon jou oswa yo kapab **fèt an plizyè fwa sou plizyè jou**.



Apre li fin resevwa **Fòmilè Konsantman an**, distri eskolè an gen 45 jou klas pou l fè evalyasyon yo e fè **rankont Ekip lan**. Apre tès lan fini, gen yon rankont IEP k ap pwograme. Nan reyinyon sa a, w ap resevwa yon kopi pou rejis ou konsènan rezulta tès yo. Chak sektè pral rapòt dekouvèt li fè, epi y ap pran yon desizyon apwopo kalifikasyon Edikasyon Espesyal oswa lòt sèvis ki genyen anplis yo. **\*Ou otorize pou pa dakò ak nenpòt rapò; pa egzanp, ou ka rejte absans sèvis yo.**



Ou pral resevwa yon **kopi final IEP** an nan kourye 10 jou klas apre rankont lan. Asire w ou li tout dokiman an oswa pote l bay pedyat timoun ou an pou ede ou. Ou gen opsyon pou: **(1) aksepte tout IEP a, (2) rejte IEP a, oswa (3) rejte IEP a pasyèlman**. Ou gen 30 jou pou pote tounen IEP an ak siyati w ladan l.

# Defans Edikasyon Espesyal



Mass DLC

## Sant Lwa pou Andikap:

Yon òganizasyon prive ki san pwofi ki responsab pou l founi pwoteksyon ak defans pou dwa abitan Massachusetts ki gen andikap yo.

**617-723-8455**



FCSN

## Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo:

Yon sant pou paran ak òganizasyon paran pou yo travay ansanm nan non timoun ki gen bezwen espesyal yo epi nan non fanmi yo.

**617-236-7210**



Mass  
Advocates

## Defansè Dwa Timoun nan Massachusetts:

Bay asistans defans ak jiridik konsènan pwoblèm edikasyon pou paran timoun ki gen bezwen espesyal yo.

**617-357-8431**



Volunteer  
Lawyers

## Volunteer Lawyers Project:

Li bay reprezentasyon jiridik a fanmi ki sòti nan fanmi ki gen revni ba yo nan Boston atravè sèvis volontè avoka ak oksilyè jiridik prive yo.

**617-423-0648**

# Resources for Teens and Young Adults

A laj 14 lane, jèn yo jwenn envitasyon pou yo patisipe nan reyinyon Plan Edikasyon Endividyèl yo (IEP), epi se nan moman sa a nou ankouraje fanmi yo kòmanse panse ak kijan lavi apre lekòl klasik kapab ye. Pase nan tranzisyon pou vin yon granmoun kapab boulvèsan. Men kèk resous pou fanmi w gade pandan w ap panse ak plan epi demach ou gen pou w fè yo:



**Dire  
tranzisyon an**



**Rankont amoure  
ki san danje**



**Laj Majè**



**Tranzisyon**

Rezo **Asperger and Autism Network** an genyen anpil bon resous ak pwogramasyon pou jèn ak granmoun ki nan espèk otis la ki genyen ladan | **gwooup sipò, fòmasyon sou lavi, evènman ak antrènman.**



**AANE**



**BMC  
Resources**



# Terapi pou Pasyan ki pa Entène

Fanmi yo akpab aksede a **terapi pou pasyan ki pa entène** atravè plan asirans sante yo a. **Ou dwe kontakte konpayi asirans ou a pou konnen detay espesifik konsènan sa ki antre nan depans plan an kapab fè pou ou yo.**

Timoun ki gen andikap nan Massachusetts yo kapab aplike pou asirans segondè Mass Health la pou ede kouvri depans sèvis pou pasyan ki pa entène yo. Sa kapab itil si asirans prensipal ou a pa kouvri yon terapi an patikilye oswa si ou gen yon kantite kontribisyon ou fè pou divès terapi timoun ou an ap resevwa.



## Sèvis pou Pasyan ki pa Entène

**Analiz Konpòtman Aplike a**, oswa ABA, se yon terapi entansif ki fè siksè li nan trete moun nenpòt laj k ap viv ak Twoub nan Espèk Otistik la (Autism Spectrum Disorder, ASD) ak lòt twoub devlopman. ABA kapab sipòte devlòpman nan domèn **entèlèk, langaj, komunikasyon, sosyal, ak konpetans adaptasyon yo**. Sèvis ABA yo kapab disponib nan lekòl, lakay epi nan sant ABA yo.



Asirans  
segondè



Seri Videyo  
ABA Chak Jou

The Autism Program nan BMC mete ansnam ak New England ABA pou devlope yon **seri fòmasyon pou paran an 6 pati** ki konsentre sou ede paran ak moun k ap pran swen timoun yo aplike prensip ABA yo nan lavi chak jou, yon opsyon ki aksesib pi wo a.

# Terapi pou Pasyan ki pa Entène

**Terapi Lapawòl-Langaj** la abòde difikilte ki gen nan langaj ak komunikasyon yo. Li kapab ede moun ki gen ASD yo amelyore **kominikasyon sosyal vèbal epi non-vèbal yo ak** objektif pou ede moun nan kominike nan fason ki pi itil epi pi fonksyonèl.



**Terapi Travay (Occupational Therapy, OT) ak Terapi Fizik** konsantre sou konpetans yon timoun gen pou l itilize men l ak dwèt li (**konpetans motè rafine yo**), mis ki pi gwo yo (**konpetans motè nèt yo**), ansanm ak bezwen sansoryèl yo.

**Entèvansyon Kominikasyon Konplè yo**, kèk fwa moun konn rele **Kominikasyon Altènatif ak Ogmantatif (Alternative and Augmentative Communication, AAC)** mande pou itilize langaj, vokalizasyon, imaj ak jès ansnam ak lang siy.



**Terapi Konpòtman Koyitif (Cognitive Behavioral Therapy, CBT)** se yon fòm tretman ki fèt ak yon pwofesyonèl ki gen lisans ki ap konsantre sou **pwoesis panse, konpòtman, konpetans adaptasyon, ak estrateji aprantisaj yo** nan objektif pou aplike konpetans sa otistik la aprann yo. Si w panse timoun ou an kapab benefise yon bagay lè l ale nan randevou fas a fas poukont li ak yon terapet, ou kapab jwenn yon lis pwofesyonèl nan domèn lan sou sit entènèt **Psychology Today** la.

# Sipò pou Fanmi

Leve yon timoun ki soufri Twoub Espèk Otistik la kapab boulvèsan epi l'kapab izole w. Ou ta dwe konnen ou pa poukout ou. Sa kapab itil ou pou jwenn yon sistèm sipò ki bon pou ou - kit yo se **gwooup sipò familyal, sant kominotè, oswa fowòm anliy.**

Konekte ak lòt fanmi kapab sèvi kòm yon rapèl enpòtan epi yon sous konfò pandan w ap jere plizyè difikilte ki genyen nan chèche sèvis epi pran swen timoun ou an. Yon bon kote pou kòmanse se kontakte **sant sipò otis lokal la** pou jwenn yon lis gwooup sipò pou paran nan zòn ou rete a.

## Sèvis yo ofri nan Sant Sipò Otis yo

- Enfòmasyon ak Oryantasyon
- Biblyotèk pou Prete Liv
- Seri Oratè
- Evennman Familyal
- Anons Kan
- Bilten Enfòmasyon
- Pwogram Lekòl pou Vakans

**Èske w te konnen gwooup Facebook yo se bon espas vityèl pou jwenn konsèy, resous ak lide nan men lòt fanmi ki te pase menm eksperyans sa a?**

Facebook genyen gwooup pou paran/respondab timoun ki otistik ak gwooup pou moun ki soufri otis yo. Verifye kominote lokal ou a oswa paj nasyonal yo pou jwenn yon gwooup ki kapab yon bon opsyon.



**Sant Sipò pou  
Otis yo**



**MA Parents  
of Autism**



**Asperger/  
Autism  
Network**



**Boston Autism  
Moms & Dads**

# Sipò pou Fanmi

**Sant Sipò Otis** yo kapab youn nan resous ki pi itil pou fanmi yo. Sant sa yo ofri **enfòmasyon ak oryantasyon, fòmasyon pou paran, atelye fòmasyon ak pwogram espesyalize pou timoun, jèn ak granmoun**. Sant yo souvan gen moun k ap pran swen timoun ki gen ASD k ap travay ladan yo, epi yo la pou eksplike ki sèvis ak sipò timoun ou ak fanmi w kapab benefisyé.

01



**Autism  
Alliance**

(508) 652-9900

02



**HMEA's Autism  
Resource Central**

(508) 835-4278

03



**Vinfen**

(617) 441-1800

04



**Lifeworks**

(781) 762-4001

06



**Community  
Autism  
Resources**

508) 379-0371

05



**Northeast Arc**


(978) 777-9135

07



**Autism  
Connections**

(413) 529-2428



Enfòmasyonsa a kapab gen chanjman ladan I. Pou lis ki pi resan an, ale sou:  
[www.mass.gov/service-details/autism-support-centers-list](http://www.mass.gov/service-details/autism-support-centers-list)

# Sipò pou Frè ak Sè

Rechèch yo demonstre frè ak sè ki dekri eksperyans pa yo toujou ap amnsyone **reyakayson, akseptasyon ak ajisteman paran yo** tankou se ta sa ki pi gwo enfliyans yo nan sitiyasyon yo ki se genyen yon frè oswa sè ki gen andikap.

"Lè yo leve w ak anpil snasibilité, konpreyansyon, ak pèmisyon pou w eksprime santiman w ak onètete, frè ak sè yo souvan grandi yon fason ki rann yo vin defansè dwa ki pisan anpil - pa sèlman pou frè ak sè yo, men pou tout moun ki nan kominate otistik la."



Resous sipò frè ak sè yo kapab parèt sou fòm **istwa sosyal, gowup sipò, tan espesyal ak paran yo poukont ou (1:1), ak konsèy.** Frè ak sè yo kapab benefisyé lè yo kontre ak lòt kanmarad ki ap grandi nan yon fwaye ki menm jan an. Resous nou pi renmen yo afiche nan pati adwat la.



**Pake Resous pou Frè ak Sè**



**Pwojè Sipò pou Frè ak Sè**



**Rezo Sipò pou Frè ak Sè**

# Avantaj Gouvènmantal

Genyen anpil resous kominotè ki la pou ede fanmi w ak timoun ou gras ak sipò chak jou, enfòmasyon epi kèk fwa ak lòt finansman epi avantaj adisyonèl.

## Depatman Sèvis Developman

Depatman Sèvis Devlòpman (The Department of Development Services, DDS) se yon ajans eta an ap kontwole ki bay moun ki gen andikap entèlektyèl ak devlòpman (intellectual and **developmental disabilities, IDD**) tankou


ASD sipò ki santre sou moun.

DDS ap travay ansanm ak timoun ki gen IDD ak ASD yo pou konekte fanmi yo ak pwogram/sant sipò, sèvis edikasyon siplémentè, ak lòt pwogram espesyalize. DDS ap travay tou ansanm ak granmoun ki gen IDD ak ASD pou konekte yo ak sèvis anplwa, pwogram lajounen epi ak sipò kominotè epi rezidansyèl.

Sant sipò otistik lokal ou a kapab ede w nan **aplike pou DDS** oswa ou kapab aksede yon kopi aplikasyon an atravè lyen sa a:



Aplikasyon  
DDS



# Avantaj Gouvènmantal

## Revni Sekirite Konplemantè

**Revni Sekirite Konplemantè (Supplemental Security Income, SSI)** bay avantaj finansye a fanmi nan ka kote gen yon timoun ki andikape, sa depan revni kay la. Ou kapab aplike **la a** oswa nan telefòn sou 800-772-1213.



## Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal la

**Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal la** bay resous a fanmi yo selon **plan asirans medikal yo** epi **selon tretman otis ak konpòtman ki genyen yo.**

Sant lan kapab ede fanmi yo aplike pou MassHealth oswa MassHealth Secondary tou epi ede w pase obstak asirans ki genyen pou tretman otis yo.



**Mass AIRC**



**Gid Asirans pou Otis**



**Gid Asirans MassHealth**

# Tabli yon Woutinèè



## Kreye yon Orè

Timoun yo ap epanouyi gras ak **estrikti** a epi **gras ak konsistans an**. Kreyasyon yon pwogramasyon (orè) alekri ak/oswa imaj nan kad woutin ou kapab sipòte w nan estriksti ou gen pou w kenbe a.



## Ajoute Tach

Kòmanse ranpli orè ou a ak **woutin manje, tan pou dòmi epi ak woutin iyyèn ki konsistan**.

Ajoute lòt aktivite bòkote woutin espesifik sa yo.



## Fè yo fè Plizyè Etap

Ou dwe presi nan sa ki dwe fèt pou chak aktivite. Fè aktivite yo fè **plizyè ti etap** epi w itilize imaj ki kapab ede sipòte konpreyansyon timoun ou an.



## Kreye Objektif

Objektif yo dwe **espesifik** epi **reyalis** pou ou menm ak fanmi w. Klsa ou vle ptit ou a akonpli chak jou?

# Alimantasyon, Swen Kò, Sekirite, Dòmi

## Alimantasyon

**Pwoblèm alimantasyon yo** parèt pi plis lakay timoun ki gen ASD yo. Ale gade resous sa yo pou aprann plis konsènan kijan pou jere alimantasyon difisil epi pou asire w ou ap fè suivi ak doktè k ap pran swen timoun ou an.



Otis ak  
Alimantasyon Difisil



Dokiman sou  
Alimantasyon  
Difisil BMC a

## Ijyèn

**Aprantisaj lapwòpte** se yon pwosesis ki mande tan ak pasyans. Konsilte resous sa yo pou jwenn fason w ka konnen si epi kilè timoun ou an pare, epi kijan ou kapab abòde aprantisaj la yon fason etap pa etap.



Kilè yon timoun  
pare?



Aprantisaj  
Lapwòpte 101

## Sekirite

Sekirite se yon sousi ki komen lakay tout fanmi paske gen anpil timoun ki otistik ki gen difikilte pou konprann règ sekirite yo epi yo kapab angaje nan konpòtman tankou kouri deplase kite moun k ap pran swne yo a, eseye ouvri fenèt ak pòt poukонт yo, oswa al pale ak etranje. Lè w mete sistèm sekirite an plas pou sekirize kay ou epi lkè w anseye timoun ou an kijan pou l rete san danje sa ka redui nan laperèz ou. Aprann plis nan gid sekirite nou genyen pi ba a!



Gid Sekirite

## Dòmi

Anpil timoun ki otistik gen difikilte **pou yo dòmi**, sa ki vle di yo gen dòmi tout tan, yo dòmi pandan anpil tan osw ayo leve two bonè. Dòmi enpòtan anpil pou yon lespri ki ap devlope epi deranjman yo kapab gen yon enpak sou tout fanmi a. Resous sa yo kapab ede konstwi epi konsève abitid dòmi ki sen.



Istwa "M Kapab Dòmi  
Poukont Mwen" an



WebMD: Pwoblèm  
Dòmi yo

# Tranzisyon

Tranzisyon yo kapab difisil pou timoun yo, espesyalman lè yon aktivite timoun ou an pi renmen an transfòme an yon aktivite li pa pran plezi l ladan l ankò. Asire w chak aktivite gen yon **kòmansman** ak **yon fen** ki klè. Revize pwogramasyon an ak timoun ou an nan kòmansman epi nan fen chak aktivite, pou yo kapab konnen sa k ap rive apre.

Chwazi kijan w pral pale sou tranzisyon an ak timoun ou a. Itilize **repè vizyèl** ak **kwonomèt** anvan w fè tranzisyon an. Aplikayson nou sijere pou repè vizyèl ak pwogramasyon yo ekri pi ba a.



Tiimo  
Planner



Choice  
Works



My  
Routine



Remember  
The Milk



KAZUTIME




Visual  
Schedule  
Planner



Done Habit  
Tracker

**Chwazi eksperyans pa w la!** Bwose dan chak jou kapab se yon bagay ou bezwen mete aksan sou li epi ranfòse, men petèt ou kapab deside pou w bay vag sou rad timoun ou ki mache oswa pa mache youn ak lòt. Chwazi pou abòde kapasite ki pi enpòtan pou ou, timoun ou an ak bezwen l k ap evolye yo.



# Ankouraje Konpòtman Ideyal la

Yon fwa w fin kreye woutin ou yo, idantifye **rekonpans ki fasil pou** timoun ou an benefisyé lè li fè tout sa ki gen pou wè ak woutin li an. Kisa timoun ou an vle jwe ak li tout bon oswa kisa l vle fè tout bon lajounen?



Mete bagay sa yo lwen timoun ou an pou l pa jwenn yo jiskaske li fini ak **tach idantifye yo**. Ba li bagay la oswa fè aktivite yo tousuit apre li fin "genyen" li.



Tabli **objektif ki klè** pou angajman l ak rekompans sa a. Konbyen tan w ap otorize timoun ou an pou l angaje l ak aktivite a?



Pandan tout jounen an, **felisite** timoun ou an plis, olye w plede ap bay repwòch negatif epi pale sou konsekans ki kapab genyen. Ou vle ptit ou a aprann pi bon fason pou atire atansyon w se **suiv objektif yo**.



"Si gen plis moun ki konprann otis, mwen kwè moun ki pi jèn yo ki nan espèk la ap kapab santi yo plis aksepte epi se pa tankou etranje y ap pran yo."

# Nòt

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---